

« *Chimen pou n batì yon ankèt efikas kite yo respekte diyite moun* »
Dokiman restitasyon 6^e Fowòm nan

FORUM CITOYEN

Pòtoprens, me 2005



[Dokiman restitasyon 6yèm Fowòm nan](#)
www.forumcitoyen.org.ht

Deleted: ¶

Deleted: 3¶

Formatted: Right

Formatted: Font: Garamond, 10 pt,
Font color: Gray-25%

Rafrechi memwa

Depi mwa sekatanm 2001, dat premye Fowòm nasyonal la, plizyè òganizasyon nan sosyete sivil la, nan kapital la tankou nan lòt vil depatman yo, reponn prezan pou chita reflechi ak diskite sou refòm lajistis an Ayiti. Nan moman sa a, patisipan yo te mete aklè: « **Rezon ki lakòz sosyete sivil la dwe mele nan zafè refòm lajistis** ».

Dezyèm Fowòm nasyonal la te fèt nan dat 28 ak 29 jen 2002. Li te montre : «**Enpòtans diyite moun nan konstriksyon yon lòt pwosè penal**». Patisipan yo te chita sou fason nouvo pwosè penal la dwe pwoteje diyite moun.

Twazyèm Fowòm nasyonal la, jou ki te 27 sekatanm 2002 a, te gade fason jistis penal la mache nan peyi a ak fason yo trete moun ladan l. Tout lide sa yo te rantre nan dokiman sila a: « **Ki refòm jistis penal divès sektè sosyete a vle ?** ». Dokiman sa a montre nan ki eta lajistis la ye nan moman n ap viv la; li mete moun sou kote, li pèdi tèt li nan fè laviwonndede ak dilatwa epi li abitrè. Vizyon sitwayen yo nan Fowòm nan, se yon jistis ki louvri pòt li pou tout moun, ki klè pou tout moun, ki efikas, ki endepandan epi ki respekte diyite moun.

Katriyèm Fowòm nasyonal la te fèt jou ki te 26 sekatanm 2003 a sou tèm sila a: « **Jistis ak demokrasi, chimen pou n tabli yon pwosè penal demokratik** ». Li te montre relasyon ki genyen ant demokrasi ak jistis. Fowòm Sitwayen an te idantifye senk (5) pwoblèm kle ki lakòz lajistis pa mache kòm sadwa nan peyi a: Lajistis la pa pre sitwayen yo, li pa klè. Pouvwwa jidisyè a pa granmoun tèt li, li depann de lòt pouvwwa yo. Lajistis la kòwonpi, pa gen sekirite jiridik. Leta pa mete asistans jiridik ak lòt mekanis pou defann dwa sitwayen yo. Ankèt yo pa janm abouti.

Senkyèm Fowòm la te fèt nan dat 16 jiyè 2004 sou « **Chimen pou n bati yon jistis ki granmoun tèt li** ». Patisipan yo te bay divès rezon ki fè Pouvwwa jidisyè a pa granmoun tèt li: tankou estati jij yo, ak relasyon ki tabli ant Pouvwwa jidisyè a ak lòt Pouvwwa yo (Egzekitif la, palman an, kolektivite teritoryal yo, elatriye). Pou rive genyen yon Pouvwwa jidisyè ki granmoun tèt li, patisipan Fowòm nan idantifye epi pwopoze yon nouvo estati pou jij yo ak yon seri nouvo enstitisyon yo dwe mete anplas pou pèmèt jij yo granmoun tèt yo, oswa pou ranfòse sistèm lajistis la menm.

Sizyèm Fowòm nan te fèt nan dat 1^{er} avril 2005. Li te pèmèt refleksyon ak diskisyon sou « **Chimen pou n bati yon ankèt efikas kote yo respekte diyite moun** ». Patisipan yo te fè dyagnostik ak pwopozisyon sou « *Ankèt yo pa janm abouti* ». Yo te sèvi ak senk endikatè ki konsènen mwayen yo sèvi, endepandans anketè yo, separasyon fonksyon yo, patisipasyon moun ki nan pwosè a, responsabilite otorite k ap mennen ankèt ki vyole dwa moun.

Pou chak endikatè, patisipan yo te reflechi ak debat poukisa ankèt yo pa rive jwenn bon jan prèv ak endis ki pèmèt yo pouswiv moun ak zak lalwa di ki merite pouswiv yo, pandan otorite k ape fè anket yo respekte diyite ak dwa tout moun ki nan pwosè a, kidonk: viktim, sispèk ak temwen.

Pou patisipan yo, gen plizyè rezon ki fè ankèt yo pa janm abouti. Sa gen awè ak jan Pouvwwa Leta yo òganize, ki parèt nan jan polis jidisyè a ap fonksyone. Sa gen awè tou ak bonjan kontwòl ki pa genyen sou aktivite ankèt la ak mezi k ap pran kont moun ki nan ankèt la. Epi, mwayen materyèl, teknik ak syantifik yo pa adapte epi ki pa sèvi nan respè pou diyite ak dwa moun. Rezon sila yo parèt tankou pi gwo kòz ki eksplike poukisa *Anket yo pa janm abouti*.

Dokiman sila a remèt nou konklizyon ak pwopozisyon ki sòti nan sizyèm Fowòm nan. Pwopozisyon sa yo ranmase nan 4 kondisyon pou ankèt yo rive abouti. Men yo:

- Dwe gen yon polis jidisyè efikas ki respekte diyite moun,
- Dwe gen kontwòl aktivite ankèt la ak mezi ki konsènen dwa ak diyite moun,
- Dwe gen patisipasyon moun ki nan ankèt la (viktim, sispèk ak temwen),
- Dwe gen mekanis pou responsabilize otorite k ap vyole dwa moun pandan ankèt la.



Formatted: Right

Deleted: 3%

Formatted: Font: Garamond, 10 pt, Font color: Gray-25%

Fondman

Pou patisipan sizyèm Fowòm Sitwayen pou Refòm Jistis la, « *Chimen pou n bati yon ankèt efikas kote diyite moun respekte* » makònen vizyon refòm jistis la ak refòm Leta a. Yon ankèt efikas kote yo respekte diyite moun, mache ansanm ak yon Leta ki chita sou prensip demokrasi ak respè pou lalwa. Patisipan yo nan 6yèm Fowòm nan te fè lyen ak Fowòm pase yo, epi yo te montre lyen ki genyen ant yon ankèt efikas ak mak fabrik yon Leta kote Pouvwaj jidisyè a endepandan.

Pou patisipan yo, yon ankèt efikas vle di polis jidisyè a genyen mwayen ak kapasite pou fè ankèt san presyon, san paspouki. Sa mande pou desantralize lapolis jidisyè a, epi ranfòse li anba yon sèl otorite, pakè a. Se pakè a ki pou kontwòle tout aktivite ankèt la, yon fason pou jwenn tout endis ak tout prèv ki pèmèt yo jwenn enfrazyon ak moun ki komèt yo.

Patisipan yo nan Fowòm nan te mete anpil aksan sou mwayen materyèl, teknik ak syantifik pou fè ankèt yo. Yon lòt kote, patisipan yo mete aksan tou sou nesite pou yo sèvi ak mwayen sa yo nan respè dwa ak diyite moun ki nan pwosè a.

Men tou, pou patisipan fowòm nan, efikasite ankèt la dwe defini nan bon jan respè pou libète chak moun ak nan egalite tout moun devan lalwa, kote otorite Leta yo respekte lalwa ak diyite tout moun. Sa mande pou tabli ki dwa ak obligasyon tout moun ak tout otorite genyen, limit yo, kouman moun ak otorite dwe egzèse dwa yo nan ankèt la. Pou sa dwe gen yon jij ki pat nan ankèt la, ki dwe abitye tout aktivite sila a, nan respè pou libète ak egalite tout moun pandan ankèt la.

Patisipan yo degaje kèk prensip pou fè yon ankèt efikas kote diyite moun respekte. Nou deja jwenn pi fò nan prensip sa yo nan Manman lwa peyi d Ayiti yo te adopte nan lane 1987. Men sou ki sa prensip sa yo pale:

- Respè diyite, libète ak dwa moun ki nan pwosè a: viktim, akize ak temwen;
- Tout moun inosan jiskaske yon tribinal deklare li koupab ;
- Fason pou arete moun, pou kenbe yo nan detansyon oswa mete nan prizon;
- Patisipasyon ak kontwòl moun ki nan pwosè a;
- Separasyon ak endepandans pouvwaj Leta yo ki louvri sou separasyon divès fonksyon yo nan ankèt la.

Pou patisipan sizyèm Fowòm nan, fòk prensip sa yo antre nan jan yo reyalize anket la ak fason otorite yo òganize yo epi ranpli fonksyon yo. Otonomi ak endepandans otorite ki ap mennen ankèt yo, se youn nan pwopozisyon yo fè tou. Pou patisipan Fowòm nan, tout prensip ak pwopozisyon sa yo mennen nan kat (4) gwo konklizyon ki tankou yon « *Chimen pou n bati yon ankèt efikas kote diyite moun respekte* ».

Deleted: ¶



Deleted: 3¶

Formatted: Right

Formatted: Font: Garamond, 10 pt, Font color: Gray-25%

Kondisyon enstitisyonnel pou yon polis jidisyè efikas ki respekte diyite moun

Patisipan sizyèm Fowòm nan kwè polis jidisyè a pa byen òganize, li pa endepandan nonplis. Pou patisipan yo, keksyon òganizasyon polis jidisyè a dwe makònen ak keksyon estati chak otorite kap mennen ankèt la. Patisipan yo konstate anpil nan otorite kap mennen ankèt, tankou jij depè ak jij enstriksyon, genyen de (2) chapo. Sa vle di, yo alafwa jij epi yo ankètè. Sitiyasyon sila a konn nwi a endepandans jij la anpil, paske fwontyè ant aktivite jij ak aktivite ankètè pa klè. Se sa ki lakòz, jij depè yo konn resevwa tout kalite lòd nan men komisè gouvènman an ak komise ann apre li yo. Pou sa ki gen awè ak jij denstriksyon an, patisipan yo di se pa nòmal pou yo bay menm otorite, kap mennen ankèt la, dwa pou mete moun nan prizon. Mòd sistèm sila a, se sous vyolasyon dwa moun.

Patisipan yo kwè li enpotan pou gen pase men nan estati otorite kap mennen ankèt yo epi pou polis jidisyè a òganize yon manyè, ki presize aklè ki otorite ki pa dwe nan ankèt ankò ak otorite ki dwe nan ankèt la. Leta dwe mete aladispozisyon ankètè yo bonjan mwayen materyel, teknik ak syantifik adapté ak bezwen sosyete a.

Pwopozisyon patisipan yo

A) Polis jidisyè a òganize yon lòt manyè

a) Otorite ki pa nan mennen ankèt ankò

Jij depè

Jij depè a pa dwe anba zòd komisè gouvènman an ankò kom ofisyè polis jidisyè. Jij depè a dwe vin yon jij tankou tout lòt jij yo, li dwe gen menm estati ak lòt jij yo. *Jeremi, Grandans, 8/01/05; Grann Rivyè di Nò, 15/01/05; Piyon, 19/02/05.*

Men kijan sa dwe fèt:

- Jij depè a dwe gen yon sèl chapo, li dwe endepandan. *Mibalè (Dibison), 4/12/04; Mibalè (Triyanou), 17/01/05.*
- Tabli bon jan kritè, estrikti ak kondisyon pou nonmen epi revoke jij depè yo. *Mibalè (Dibison), 4/12/04. Mibalè (Triyanou), 17/01/05, Sen Michèl Latalay, 22/12/04. Fondènèg, 7/01/05. Aken, 21/12/04.*

Jij enstriksyon

Otorite kap mennen ankèt yo pa dwe gen dwa pou mete moun nan detansyon. Jij enstriksyon an pa dwe gen yon wòl konsa. *Koto, 31/12/05. Grand Rivyè di Nò, 15/01/05; Mowon, 9/10/2005. Aken, 21/12/2005.*

Men kijan sa dwe fèt:

- Empeche jij enstriksyon an pran mezi kont akize a, san akize a pa gen bon jan garanti pou fè respekte dwa li. *Ansagalè, 7/02/05; Kabarè 19/02/05; Kwadèboukè 5/02/05.*
- Tabli bon jan mwayen rekou pou akize a defann dwa li devan yon jij endepandan, ki pat nan ankèt la, lè dwa li vyole. *Fondènèg, 7/01/05; Aken, 21/01/05; Tignav, 29/01/05.*

Deleted: ¶

Deleted: ¶

Deleted: ¶

Deleted: 3¶

Formatted: Right

Formatted: Font: Garamond, 10 pt, Font color: Gray-25%



b) Otorite ki dwe mennen ankèt la

Patisipan yo pwopoze ajan ak ofisye polis jidisyè ki nan polis nasyonal vin sou zòd yon sèl otorite, kidonk, pakè a. Otorite sila se komisè gouvènman an, men ki dwe gen yon lòt non. Pou ranfose kapasite ak endepandans li nan ka ankèt ak pouswit enfraksyon, plizyè mezi, ki gen awè ak kondisyon estatitè manm pakè yo, dwe akonpanye desizyon sila a.

Ajan ak ofisye polis nasyonal ki nan polis jidisyè a vin anba zòd ak responsabilite pakè a. *Pòtoprens, Dwa moun, 11/03/05. Pòtoprens, Komisè gouvènman, 8/03/05.*

Men kijan sa dwe fèt:

- Ranfose ak desantralize enstans nan polis jidisyè a ki espesyalize nan chèche enfraksyon. *Pòtoprens, Ateye Sektè prive, s 10/03/05.*
- Tabli pibon mwayen pou pakè a kontwole ak sanksyone polis jidisyè a ; *Pòtoprens, Dwa moun, 11/03/05 ; Pòtoprens, Komisè gouvènman, 8/03/05.*
- Bay pakè a bonjan mwayen pou dirije, kontwole ak sanksyone ajan ak ofisye polis jidisyè ki pa fè sa lalwa mande nan zafè ankèt la. *Pòtoprens, Dwa moun, 11/03/05 ; Pòtoprens, Komisè gouvènman, 8/03/05.*

Komisè gouvènman an gen yon lòt estati pou li kapab aplike la lwa epi fè ankèt ak pouswit nenpòt moun, san paspouki. Dwe gen bon jan mekanis pou nonmen li epi pou garanti estabilite nan ekzèsis fonksyon li:

Deleted: ¶

Men kijan sa dwe fèt:

Manm pakè yo dwe nonmen sou baz:

- Konpetans ak onètete. *Pòtoprens, Komisè gouvènman, 8/03/05 ; Jij, 9/03/05 ;*
- Pwosedè ki klè, nominasyon yo dwe fèt san paspouki. *Sèka kavajal, 6/02/05. Mibalè (Triyanou), 17/01/05.*

Otorite ki dwe fè nominasyon yo se:

- Pouvw a ekzekitif la ki pou monmen komise gouvènman yo. *Pòtoprens, Komisè gouvènman, 8/03/05.*
- Gran Konsèy Jij yo, ki nan pouvw jidisyè a, ki fòme ak divès sektè, dwe nonmen komise gouvènman yo. *Pòtoprens, jij, 9/03/05.*
- Komisè gouvènman an dwe sòti nan eleksyon. *Pòtoprens, Sendika ak peyizàn, 7/03/05.*

Estabilite nan ekzèsis fonksyon:

- Ekzekitif la, tankou Minis jistis la, pa kab bay manm pakè yo presyon nan kad yon ankèt oswa pouswit la. Manm pakè a gen yon lòt estati ak lòt relasyon ak Minis jistis la, pou li kab aplike lalwa epi fè ankèt ak pouswit tout moun ki ankontravansyon ak lalwa, san paspouki, san li pa sou presyon. *Pòtoprens, Dwa moun, 11/03/05 ; Près ak Entèlekyèl, 1703/05 ; Pati politik, 15/03/05.*
- Manm pakè a dwe gen yon manda ki pwoteje li kont revokasyon abitè, elatrye ; *Pòtoprens Komisè gouvènman, 8/03/05 ; Sendika ak peyizàn, 7/03/05.*
- Gen yon lwa sou estati, wòl ak relasyon komisè gouvènman an ak Ministè jistis, ak jan pakè a dwe fonksyone. *Okay, 15/01/05. Sèka Kavajal, 6/02/05.*
- Tabli yon enstans pou pote plent kont revokasyon abitè manm pakè yo. *Pòtoprens, Komisè gouvènman, 8/03/05.*

Deleted: 3¶

Formatted: Right

Formatted: Font: Garamond, 10 pt,
Font color: Gray-25%



B) Mwayen syantifik, teknik, materyel pou fè ankèt la

Patisipan sizyèm fowòm nan kwè gen kèk ti mwayen materyèl, men yo pa sifè, yo pa reponn ak bezwen yo oswa yo pa reponn ak nesosite pou respekte dwa ak diyite moun ki nan pwozè a. Fowòm nan pwopozè pou kèk mezi pran sou zafè prèv yo, mwayen materyèl, syantifik ak teknik pou ankèt yo vin pi efikas epi pou otorite yo respekte dwa moun. Men tou, bonjan fomasyon dwe pèmèt anketè yo itilize mwayen sila yo.

a) Konsènan prèv la

Fòk ankèt la chita plis sou rechèch prèv materyel ak syantifik ki pou kore temwayaj yo ak fason akize a avwe zak la. *Pòtoprens, Sektè prive, 10/03/05 ; Pòtoprens, Avoka, 4/03/05*

Men kijan sa dwè fèt :

- Tabli nan lalwa ki kalite prèv ki kab itilize nan pwosè a ak kondisyon pou prèv la reyini; *Pòtoprens, Avoka, 14/03/05. Komisè gouvènman, 8/03/05. Jij, 9/03/05.*
- Pwoteje kote krim nan fèt la. *Pòtoprens, Sektè prive, 10/03/05; Avoka, 14/03/05. Komisè gouvènman, 8/03/05. Jij, 9/03/05.*
- Pwoteje temwen yo. *Pòtoprens, Sendika ak peyizàn, 7/03/05. Komisè gouvènman, 8/03/05. Jij, 9/03/05.*
- Enkouraje epi pwoteje viktim yo, pou yo kab pote plent ak temwanye. *Pòtoprens, Sendika ak peyizàn, 7/03/05. Dwa moun, 11/03/05.*
- Mete sou pye yon sistèm pou kontwòle ak fè swivi plent yo. *Pòtoprens, Sendika ak peyizàn, 7/03/05. Dwa moun, 11/03/05.*

b) Pou mwayen materyèl, syantifik ak teknik yo:

Fòk otorite kap mennen ankèt yo gen tout mwayen ki nesèsè aladispozisyon yo. *Pòtoprens, Komisè gouvènman, 8/03/05. Jij, 9/03/05 ; Sendika ak peyizàn, 7/03/05.*

Men kijan sa dwè fèt :

- Bidjè lapolis la, kidonk bidjè nasyonal la, dwe prewa finansman mwayen teknik ak syantifik adapte ak respè diyite moun. *Pòtoprens, Sendika ak peyizàn, 7 mas 2005. Pres ak entèlekyèl 17 /03/05.*
- Desantralize mwayen ak ajan nan polis jidisyè a ki espesyalize nan chèche enfraksyon. *Pòtoprens, Sektè prive, 10/03/05.*
- Aplike lwa sou polis jidisyè a ki prewa divès estrikti ak laboratwa ki fè ankèt la. Mete yon laboratwa ki endepandan sou pye, yon mannyè pou fè ekspètiz nan ankèt yo san paspouki. *Pòtoprens, Pati politik, 15/03/05.*

c) Fòmasyon moun oswa otorite kap mennen ankèt yo

Fòk mwayen yo mache ak fomasyon anketè yo, pou yo kap gen konpetans teknik ak syantifik pou yo sèvi ak sila yo. Chak komisarya dwe gen pwofesyonel ki fòme pou mennen ankèt yo. *Pòtoprens, Sendika ak peyizàn, 7/03/05. Sektè prive, 10/03/05.*

Men kijan sa dwè fèt :

- Mete sou pye seyans fomasyon ak bonjan resiklaj pou anketè yo nan Lekol Majistrati oswa kreye lòt sant fomasyon pou sa. *Pòtoprens, Komisè gouvènman, 8/03/05. Jij, 9/03/05.*
- Rann obligatwa kou medsin legal nan fakilte medsin Leta a ak prive yo. *Sektè prive, 10/03/05.*
- Pèmèt plis moun jwenn bous pou etidye epi pou devlope konpetans yo nan zafè ankèt. *Pòtoprens, Komisè gouvènman, 08/03/05.*



Deleted: ¶

Deleted: ¶

Deleted: 3¶

Formatted: Right

Formatted: Font: Garamond, 10 pt, Font color: Gray-25%

Kondisyon pou kontwòl aktivite ankèt la ak mezi ki konsènen dwa ak diyite moun

Patisipan nan sizyèm Fowòm nan pwopoze pou genyen plis kontwòl sou aktivite ankèt la. Konsa, yo ap kabab evite vyolasyon dwa moun. Konsantrasyon aktivite ankèt la, depandans pouvwa jidisyè ya, absans patisipasyon jistisyab yo nan kontwòl aktivite ankèt la ala baz vyolasyon dwa moun. Se pou sa, Fowòm pwopoze pou kontwòl yo chita sou bon jan prensip pou otorite kap mennen ankèt yo, pa vyole dwa moun, kidonk :

- Pouvwa ankèt ak pouvwa mete moun nan detansyon pa dwe konsantre nan men yon sèl otorite. Otorite kap fè ankèt yo pa dwe pwan mezi pou mete moun nan detansyon; *Koto, 31/12/04 ; Kradèboukè, 5/02/05.*
- Chak otorite dwe gen wòl yo byen defini; *Labòd, 23/12/04; Ansagalè, 7/02/05; Gran Rivyè di Nò, 15/01/05.*

Yo pwopoze pou gen yon kontwòl, administratif yon kontwòl jiridiksyonel ak yon kontwòl jistisyab yo. Ak nouvo fòm kontwòl sa yo, polis jidisyè ap vin pi efikas pandan lap respekte dwa ak diyite moun ki nan pwosa.

A- Kontwòl administratif

Pou dirije ankèt ankèt la, manm pakè dwe gen plis kontwòl sou polis jidisyè. *kabarè, 19/02/05 ; Laviktwa, 18/02/05.*

Men kijan sa dwè fèt :

- Tabli plis proximite ant pake a ak polis jidisyè a. *Okay, 15/01/05 ; Tigvare, 29/01/05 ;*
- Tabli mwayen legal ki pi klè pou pakè a kontwòle ak sanksyone ajan ak ofisyè polis jidisyè ki pa fè sa lalwa mande nan keksyon ankèt la. *Pòtoprens, Sektè Dwa moun, 11/03/05 ; Sektè Komisè gouvènman, 8/03/05.*

B- Kontwòl jiridiksyonel

Yon jij ki pat nan mennen ankèt ap kontwòle tout aktivite ankèt la pou : *Okay, 15/01/0 ; Laviktwa, 18/02/05; Akayè, 19/02/05. Aquin, 21/12/2005; Okay, 15/01/05; Fondènèg, 7/12/05.*

- Mete moun nan detansyon oswa libere moun nan kad ankèt la. *Sen Michèl Latalay, 22/12/04; Grand Rivyè di Nò, 15/01/05 ; Tigoav, 29/01/05.*
- Tabli, aplike epi veye dèlè pou fè ankèt la; *Savanèt, 5/03/05 ; Kafou, 30/01/05; Labòd, 23/12/04.*
- Pran mezi ki gen awè ak libète fundamental yo (Pèmet yo fouye kay moun elatriye...). *Saltade, 3/12/04; Laviktwa, 18/02/05; Aken, 21/12/05.*
- Kònen si li necesè pou yon ka alé devan yon jij pou tande li epi rezoud li.

C- Kontwòl jistisyab yo

Pou patisipan Fowòm nan, divès kontwòl sa yo – pakè epi jij ki pat nan ankèt la – dwe pèmèt oswa fasilite patisipasyon ak kontwòl jistisyab sou aktivite ankèt la pou pwoteje dwa yo.

Men kijan sa dwè fèt :

- Veye pou viktim nan ak akize a gen yon avoka oswa benefisyè yon asistans legal gratis pandan tout moman pwosè a. *Ansagalè, 7/02/05 ; Savanèt, 5/03/05 ; Mibalè, 17/01/05 ; Jérémi 08/01/05, Tiriyè latibonit, 17/11/04.*
- Mete sou pye pi bon pwosedi pou viktim ak akize yo defan dwa yo bò kote otorite ki la pou kontwòle ankèt la. *Pòtoprens, dwa moun, 11/03/05.*



Deleted: 1

Deleted: 3

Formatted: Right

Formatted: Font: Garamond, 10 pt, Font color: Gray-25%

Kondisyon pou patisipasyon moun ki nan ankèt la (viktim, akize oswa sispè, temwen)

Pou patisipan yo, viktim la ak moun yo ap fè ankèt sou li a dwe patisipe nan kontwòl aktivite ki gen avè ak ankèt la. Pou sa, Leta gen pou dewa mete aladispozisyon viktim ak moun yo sispèk la yon asistans legal, pou moun ki pa genyen oswa ki pa kapab peye yon avoka. Se yon manyè pou akonpanye moun nan tout moman pwosedi a. Estrikti sa ap gen pou objektif ede moun ki nan ankèt la fè respekte dwa yo pibyen devan otorite Leta ak jij ki konpetan pou sa.

Patisipan yo pwopoze pou :

Respekte dwa akize oswa sispè a pandan tout ankèt la.

Men kijan sa dwè fèt:

- Veye respè presonpsyon inonsans sispè a. Pran yon lwa pou pwoteje dwa ak libète moun yap fè ankèt sou li, espesyalman yon lwa pou tabli pibyen pwosedi Habeas Corpus lan. Azize oswa sispè la dwe jwenn pwoteksyon ak sekirite nan men lapolis. *Ans a Galèt, Lagonav, 7/02/05 ;*
- Lapolis pa dwe maspinen li. *Ans a Galèt, Lagonav, 7/02/05 ; Vyalè (Tignav), Lwès, 29/01/05;*
- Si akize oswa sispè a pa kab peye yon avoka, li dwe gen dwa jwenn yon asistans legal gratis pou defand li; *Akaye, 19/02/05.*
- Akize oswa sispè a dwe gen pwòp mwayen pa li pou li kontwole ankèt otorite yo ap fè sou li a. *Tignav, 29/01/05*
- Mete yon jij, ki pat nan ankèt la, pou veye si delè 48 tè oswa dele detansyon yo respekte. Mete yon jij, ki pat nan pwosè a, pou veye ak lage moun ki an detansyon pwovizwa pwolonje yo. *Senmak (Ponsonde) Latibonit, 10/11/04; Labòd, 23/12/04; Aken, 21/12/04.*

Bay viktim yo bonjan ankadreman.

Men kijan sa dwè fèt:

- Viktim yo dwe byen akeyi lè yo al pote plent nan lajistis oswa nan komisarya; *Jacmel, 02/05.*
- Viktim nan gen avoka oswa li benefisye yon asistans legal gratis pou akonpanye li nan pwosè a. *Mibalè (Dibison) Sant, 4/12/04 ; Mibalè (Triyanou), Sant, 17/12/05.*
- Viktim nan patisipe epi konnen jan ankèt la ap mache. Dwe gen mekanis ki tabli pou sa, tankou yon jij ki konpetan pou sa. *Mibalè (Dibison) Sant, 4/12/04 ; Mibalè (Triyanou), Sant, 17/01/05 ; Sèka Karajal, Sant, 26/02/05 ; Savanèt, Sant 5/03/05.*
- Tabli yon lwa sou kòman asosyasyon dwa moun yo dwe patisipe nan ede viktim yo, espesyalman kouman asosyasyon yo kab vin patisivil nan yon pwosè. *Ans a Galèt, Lagonav, 7/02/05.*

Bay temwen yo bonjan proteksyon.

Men kijan sa dwè fèt:

- *Temwen, ki pa santi li twò an konfyans, vini nan konvokasyon polis jidisyè a ak avoka li.* Aplike atik konstitisyon an ki entèdi lapolis jidisyè fè presyon sou temwen yo oswa evite arete moun li konvoke kòm temwen, nan nenpòt ki kondisyon. *Pòtoprens, Komisè gouvènman, 8/03/05 ; Jij, 9/03/05, Sendika ak peyizàn, 7/03/05. Mibalè, 17/01/05; Savanèt 5/03/05.*
- Si temwen an pa kapab peye yon kabinè prive, Leta dwe mete yon avoka aladispozisyon li. Lajistis dwe pwan tout mezi ki nesèsè pou pwoteje yon temwen, ki genyen gwo risk sou lavi li oswa lavi fanmi li, anvan, pandan pwosè a. *Pòtoprens, dwa moun 11/03/05.*

Deleted: ¶

Deleted: 3¶

Formatted: Right

Formatted: Font: Garamond, 10 pt,
Font color: Gray-25%



Kondisyon pou reskonsabilize ankèt ki vyole dwa moun pandan ankèt la

Pou reskonsabilize polis jidisyè a, patisipan yo pwopoze ranfose estrikti pou resevwa plent moun ki ta viktim yon abi pandan ankèt la. Estrikti sa yo gen avè ak Leta, sosyete sivil la, oswa lajistis. Mezi sa a, ap kapab prevwa oswa limité vyolasyon dwa moun pandan ankèt la. Pou patisipan yo se yon kondisyon pou polis jidisyè vin efikas pandan li ap respekte dwa ak diyite tout moun ki nan pwozè a. Kidonk, patisipan pwopoze pou :

Bò kote Leta a:

Pakè a

- Bay manm pakè yo, ki se reskonsab polis jidisyè a, konpetans legal pou li egzèse bonjan kontwòl ak pran mezi kont polis jidisyè ki reskonsab zak vyolasyon dwa moun. Sa ap pèmèt li evite zak abitè polisye yo ta kap fè nan ankèt la.

Enspeksyon jidisyè a

- Enspeksyon Polis Nasyonal la gen plis otonomi ak plis moyen pou fè ankèt sou ajan ak ofisye polis jidisyè ki nan PNH la, ki enplike nan zak vyolasyon dwa moun pandan yon ankèt.
- Desantralize estrikti sila a nan tout peyi a, kote ki gen komisarya polis. *Sen Michèl Latalay, Latobonit, 2/12/04.*
- Otorite ki reskonsab polis jidisyè a dwe gen bonjan kontwòl sou li pou evite zak vyolasyon dwa moun pandan ankèt la. Leta dwe mete sou pye yon enstans kote polisye ki viktim sanksyon ilegal ak abitè fè rekou kont decisyon sila yo. *Savanèt, 5/03/05; Lavikètwa, 18/02/05.*

Ofis pwoteksyon sitwayen

- Dezantralize Ofis Pwoteksyon Sitwayen an pou ede jistisiab yo plis gen aksè ak sèvis sila nan ka vyolasyon. *Sèka Kawajal, 6/02/05.*
- Sevis sila dwe enfòme popilasyon an plis sou wòl li ak misyon li. *Fondènèg, 7/01/05. Akin, 21/12/2005.*

Kou siperyè dèkont ak kontansye administratif

- Tabli a klè mannyè pou polis jidisyè ki viktim abi nan kad travay li, fè Kou Siperyè Dèkont ak Tribinal Administratif tandè afè sila yo.
- Desantralize Kou Siperyè Dèkont pou plis aksè.

Bò kote sosyete sivil la:

Pou sa ki gen avè ak òganizasyon dwa moun yo

- Òganizasyon dwa moun yo dwe pi aktif, denonse otrite ki reskonsab vyolasyon dwa moun, epi denonse mòd fonksyonman sistèm nan ak lantè otorite ki ap mennen ankèt yo epi ki sous vyolasyon dwa moun tou. *Tigwav, 29/01/05. Okay, 15/01/05. Valyè, 29/01/05.*

Nan sa ki konsènen jistisiab yo

- Motive jistisiab yo, aprann yo kijan ak ki kote yo kab pote plent, lè dwa yo vyole; *Kafou, 30/01/05. Sen Michèl Latalay, 22/12/04. Labòd, 23/12/04. Mowon, 9/10/2005 Gran Rivyè di Nò, 15/01/05. Okay, 15/01/05.*
- Prevwa pwoteksyon pou moun ki viktim vyolasyon otorite ki ap mennen ankèt yo; *Gran Rivyè di Nò, 15/01/05. Okay, 15/01/05. Tigwav, 29/01/05.*

